# PERZENTLERDIŃ TUWÍLÍWÍNDA ATRIBUTIVLIK ELEMENTLERDIŃ ORNÍ

**Isakov Ruslan Uzaqbaevich** – *filologiya ilimleri boyınsha filosofiya doktorı (PhD), docent w.w.a*
ruslannalsur009@gmail.com
*Ózbekstan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyat institutı Nókis filialı*
**Ismetov Raxman Allambergenovich** – *docent w.w.a*
*Innovacıyalıq texnologıyalar universiteti*

# РОЛЬ АТРИБУТИВНЫХ ЭЛЕМЕНТОВ В РОЖДЕНИИ ДЕТЕЙ

**Исаков Руслан Узакбаевич** – *доктор философии (PhD) по филологическим наукам, доцент*
*Нукусский филиал Государственного института искусств и культуры Узбекистана*
**Исметов Рахман Алламбергенович** – *доцент и.о.*
*Университет инновационных технологий*

# THE ROLE OF ATTributive ELEMENTS IN CHILD BORN

**Isakov Ruslan Uzakbaevich** – *Doctor of Philosophy (PhD) in Philological Sciences, Associate Professor*
*Nukus branch of the Uzbekistan State Institute of Arts and Culture*
**Ismetov Raxman Allambergenovich** – *Acting Associate Professor*
*University of Innovative Technologies*

**Tayanch so‘zlar:** muqaddas ziyoratgohlar, muqaddas imomlar, biyfarzant ayollar, sig‘inish dasturlari, sig‘inish orinlari.

**Rezyume.** Xalq og‘zaki ijodi va etnogarfik tadqiqotlar shuni ko‘rsatadi ayollar ziyoratgohlari elimizning ko‘pgena hududlarida ko‘plab ushratish mumkin. Bu joylar muqaddas va tarixiy orinlar bo‘lib, ayollar bu joylarga harbir niyatlarini niyat qilib keladı. Masalan, ishlari yaqshi bo’lib ketishi uchun, kasalika shalinganlar bo‘lsa shifo izlab, oilasiga baxt, ammonlig tilab, va ko‘plab uchratadigan hol farzand bola olmayotgan ayollar boradigan ziyorat orinlari bo‘lib hisoblanadi.

**Ключевые слова:** святые места паломничества, святые имамы, бездетные женщины, программы поклонения, места поклонения.

**Резюме.** Устное народное творчество и этнографические исследования показывают, что женские святыни можно встретить во многих регионах нашей страны. Эти места являются священными и историческими местами, и женщины приходят сюда, чтобы выполнить свои намерения. Например, для того, чтобы дела шли хорошо, для того, чтобы заболевшие искали исцеления, желали счастья и благополучия своей семье, и многие случаи, которые встречаются, считаются местами паломничества женщин, которые не могут иметь детей.

**Key words:** holy pilgrimage sites, holy imams, childless women, worship programs, places of worship.

**Summary.** oral folk art and ethnographic research show that women's shrines can be found in many regions of our country. These places are sacred and historical, and women come here to fulfill their intentions. For example, for things to go well, for the sick to seek healing, to wish happiness and well-being to their family, and many cases that occur are considered pilgrimage sites for women who cannot have children.

Jáhán folklortanıw hám etnografıyalıq iliminde xalıq awızeki dóretiwshiligi janrların úyreniw boyınsha ilimiy koncepciyalar hám jańa tendenciyalar júzege kelgenligi málim. Ásirese, folklorlıq shıǵarmalar sistemasında epikalıq janrlardıń da evolyuciyasına, genezisine, syujetlik-kompoziciyalıq qurılısına, obrazlar sisteması hám jetekshi motivlerdiń genezisi hám tipologiyasına úlken itibar berilse, etnografıyalıq izertlewler sıyınıwdıń kelip shıǵıw tarıyxın, xalıq dástúrleri menen qánsheli baylanıslı ekenligin, ámelge asırılatuǵın háreketleriniń diniy yamasa milliy qádiryatlar menen uyǵın ekenligine h.t.b. da belgilerine dıqqat qaratadi. Ata-babalarımızdan qalǵan úrp-ádet, salt dástúrler erte dáwirlerden usı kúnge shekem miyras bolıp kelmekte. Bunday jaratılǵan dástúrlerimiz, qádiriyatlarımız, úrp-ádetlerimiz ayrımları sol qálpinde jetip kelgen bolsa, ayrımları ózgeriske ushırap jetip kelgen, al ayırımları bolsa házirgi kúnde ulıwma xalqımız tárepinen ámelde orınlanbay qalıp ketken. Sonıń menen birge, jańa úrp-ádet hám dástúrlerdiń bir qansha túrleri de payda bolmaqta. Usınday erte dáwirlerden usı kúnge shekem jetip kelgen dástúrlerden muqaddes orınlarǵa ziyarat etiw, xalıq tárepinen káramatqa iye esaplanǵan orınlarǵa, yaǵnıy suwǵa, tasqa, tereklerge sıyınıw dástúrleri saqlanıp qalǵan. Bunday orınlardı izertlew, bul jerlerde baqlawlar alıp barıw, sorawnamalar ótkeriw arqalı usınday ayırım

orınlar boyınsha izertlewler alıp barıwǵa hám jáne alımlarımız tárepinen jazılǵan ilimiy miynetlerden paydalanǵan halda maǵlıwmatlar toplawǵa háreket ettik. Xalqımız arasında ziyarat orınlarına barıw dástúri házirgi kúnge shekem saqlanıp kiyatır. Usı orında ziyarat etiwshiler ata-babalarınıń basların ziyarat etiwden tısqarı, túsinde ayan bergen orınlarǵa yamasa jası úlken ata hám kempir-apalardıń aytıwları boyınsha ziyaratqa barıwshılar jiyi-jiyi ushırsıp turadı. Ásirese, perzentli bola almay júrgen hayallar h.t.b topardaǵı ziyarat etiwshilerdi ushıratıwımız múmkin. Bunday zıyarat etiw arqalı preznetli bolıw motivleri xalıq awız eki dóretpelerinde de jiyi ushrasadi. Bunda dúnyaǵa kelgen prezenttiń dúnyaǵa keliwindegi elementlergede dıqqat qaratiladı. Máselen, «Sháryar» dástanında Sháryar menen Ánjim altın aydarlı, gúmis tulımlı bolıp tuwıladı. «Sháryar» dástanında qaharmanlıq temadan góre turmıs máseleleri basım sóz etiledi[1. B 62.]. Degen menen, qaharmannıń káramatlı tuwılıw motivi boyınsha kóplegen izertlewshilerdiń pikiri bul motivtiń bolajaq batırdı ulıǵlap, onıń erlik islerin keń ashıw ushın qollanılatuǵınlıǵın kórsetedi. Yaǵnıy, bolajaq batırdıń aldaǵı erlik islerin ámelge asırıwına tayarlıǵın kórsetiwge baǵdarlanadı. Bul haqqında professor J.Eshonquldıń «Alpamıs» dástanındaǵı tuwılıw motivin bir neshe basqıshlarǵa bólip kórsetiwi dıqqatqa ılayıq. «Alp – qaharman tuwılıwınan aldın onıń ata-anasınıń perzentsizlik halatı. Bul halat eń dáslep ramziy mánige iye. Bul bir tárepten ana urıǵı menen baylanıslı túsiniklerdiń dástan qatlamında saqlanıp qalǵanlıǵınan ayqınlıq berse, ekinshi jaǵınan, hákimiyattı bekkemleytuǵın, ıdıraǵan (parakanda) eldi jáne qayta birlestiretuǵın jańa áwlad – jańa qaharmannıń tuwılıwın ańlatadı. Ekinshisi, qaharmannıń tuwılıwı iláhiy káramat qılınadı. Úshinshisi, qaharman tuwılǵanda-aq oǵan júkletilgen wazıypa, yaǵnıy ótewi shárt bolǵan sınawlardıń aldınan belgilep qoyılıwı»[2. B 86.], - dep kórsetedi. Durıs, balanıń tuwılıwı V.M.Jirmunskiy belgilep ótkenindey «partogenezis, hayallardıń sırlı, iláhiy hámledar bolıwı sıyaqlı túsinik penen baylanıssa[3. BB 224-233.], ekinshiden, ruw, qáwimge teńlik alıp beretuǵın qutqarıwshı batırdıń dúnyaǵa keliwin ańlatadı. Teńlik alıp beretuǵın batırdıń tuwılatuǵınlıǵı kóbinese perzentsiz qáriyalardıń túsinde ayan beredi. Bunday jaǵdaylar túrkiy-mongol xalıqlarınıń eposları sıyaqlı, qaraqalpaq xalıq dástanlarında da batırlardıń ayrıqsha ǵayrıtábiyiy jaǵdayda tuwılıwın súwretlew turaqlı formulaǵa aylanǵan. Ulıwma «ǵayrıtábiyiy tuwılıw motivi» «alǵashqı qáwimlik isenimlerde, dúnya júzine tarqalǵan baslı dinlerde de» kóplep gezlesedi[4. B 335.]. Solay eken, ǵayrıtábiyiy tuwılıw motiviniń tiykarǵı tórkini áyyemgi miflik túsinik boyınsha iláhiy káramat penen baylanıstırılıp qaharmanlar jansız zatlardan, yaǵnıy kúnnen, terekten, miyweden, jelden t.b. jaralǵan bolıp, bul júdá eski motivlerdiń biri ekenligin ańlatadı.

Etnografiıyalıq baqlaw júrgiziligen waqıtta da sonday elemetlerge dus keldik. Yaǵnıy, prezentsiz haylardıń niyet etip ózleri karamatli dep esaplaǵan orınlarǵa barǵanda sol jerdegi terek, jiǵil, qábir basindaǵı sırıq aǵashqa yamasa sol jerdegi tasqa shóberek baylap ketiwleri, taslardı ústi ústine qoyıp niyetiwleri, jas balalardıń oyınshaqlarin yamasa atkónsheklerin islep niyet etip atırǵanlardıń guwası boldıq. Bul boyınsha alımlarımız Ǵ.Xojaniyazov, J.Hákimniyazov, V.N.Yagodin, I.Allamabergenova sıyaqlı alımlarımız tárepinen izertlew jumıslarında da keltirip ótken. Bıraq olar tiykarınan bul muqaddes orınlardıń payda bolıwı hám sebeblerine keń toqtalıp ótiwge háreket etken. Etnografiyalıq aspektlerge keń toqtalıp ótilmegen. Usılar arasında perzentli bola almay júrgen hayallar, sol qatarda bir neshe qızlı bolıp ul perzent kóriw niyetinde júrgen hayallar boyınsha maǵlıwmatlar ushırasadı. Bunday ziyarat hám sıyınıw orınları respublikamız boylap ilimiy miynetler, gazeta-jurnallarda jarıq kórgen ilimiy maqalalardı úyreniw hám dala jazıwların ótkeriw waqtımızda bunday bir qansha belgili orınlar bar ekenligi málim boldı. Bulardıń ayırımları ertede hayallar barıp sıyınıw ornına aylanǵan bolsa, al ayırımları bolsa ata-babaları, jaqınları, diniy sawatı bolǵan maqsım yaki táwiplerden esitken, túsinde ayan bergen ziyarat orınlarına barıwshı sıyınıw orınları bolıp esaplanadı. Bunda da. tiykarınan áwliye hám káramatqa iye bolǵan babalardıń basların ziyarat etedi. Bunday orınlarda ámel etiletuǵın dástúrlerimiz, úrp-ádetlerimiz erte dáwirlerden úyrenilip izertlenip kelinbekte.

Bunday ziyarat yamasa muqaddes orınlar respublıkamız boylap kóplep ushrasadı. Máselen, Joqarıda atap ótilgen ziyarat orınlarında dala jazıwları alıp barıw barısında Shamun Nabbiy ziyarat ornında jas nárestege dem salıp atırǵanına gúwa boldıq. Bunda jas nárestege maqbaranıń ishinde otırıp dem salınıp atırǵanlıǵın, bul balanıń omırtqa buwınlarınıń awıratuǵınlıǵı sebepli em salıp atırǵanlıǵına gúwa boldıq. Sol orında xalıq arasında «Káramatlı dúmpeshik» dep atalǵan Jomart qassap dúmpeshigin bir shene jas kelinsheklerdiń ziyarat etip atırǵanlıǵın kórdik. Kelinshekler dúmpeshikten jerge qarap domalap atırǵanlıǵına gúwa boldıq [5].

Nókis rayonında jaylasqan Omar pir xoja ziyarat ornı da xalqımızǵa belgili. Ekspediciyada bolǵan waqtımızda usı orındaǵı shıyıqshı menen gúrrińlestik. Bul ziyarat ornı Tók tawı eteginde eski qala qasında bolıp, Nókis rayonı orayınan 7-8 km aralıqta jaylasqan ziyarat ornı esaplanadı. Omar pir xoja qoyımshılıǵı qasında úlken eski diywal qaldıqları bar. Bul eski meshit ornı ekenligi, Omar pir xoja usı meshitte bilim bergenligi aytıladı. Jáne bul orında eski meshit ornınıń diywallarınıń qaldıqların kórdik. Bul meshit qaldıqlarınan úsh ójireli bolǵanlıǵın, diywal uzınlıǵı 13 metr, eni 5 metr ekenligin shamalawlar tiykarında anıqladıq. Ańızlarǵa qaraǵanda, Omar pir xoja arab ellerinen kelgen ulama adam bolǵan. Ol usı aymaqtaǵı balalardı oqıtıp ilim bergen. Bilim beriw waqtında basqınshılar tárepinen topılıs jasalıp, meshitte oqıp atırǵan ulamalardı hám bilim alıp atırǵan jas oqıwshılardı birme-bir qılıshtan ótkeredi, Omar xojaǵa da topılıs etedi, biraq qılısh penen bir neshe márte urınıwına qaramastan óltire almaǵan, jawshılar bul jerde táwbe etip, artlarına qaytıp ketipti. Sheyit bolǵan ulamalar usı jerde biyik tóbelik ústine jerlenipti. Informatorımızdıń aytıwı boyınsha, bul jerge kelgen ziyaratshılar arasınan tiykarınan perzentli bola almay júrgen hayal-kelinshekler tóbeshikten tómen qarap domalaydı eken. Solay etip bul ulamalar jerlengen orın káramatlı orın sıpatında elege shekem ziyarat etiledi eken. Jáne, Omar xoja ziyarat ornına shıpa izlep keliwshiler de dártine dawa tabadı eken [6].

Usı rayonda jaylasqan Aziz baba ziyarat ornında da dala jazıwlarında boldıq. Perzentli bola almay júrgen hayallar bul jerge kelip ziyarat etedi eken. Olar bul orınǵa túsinde ayan bergenligi ushın ziyaratqa kelgenligin hám perzentli bolǵanlıǵın informatorımız málim etti [7]. Sonday-aq, Kegeyli, Qaraózek rayonlarında da bunday kiyeli orınlardı ushırattıq. Mısalı, Kegeyli rayonı, Aqtuba APJ aymaǵı, Esebiy awılında jaylasqan Súráli iyshan qoyımshılın atap ótsek boladı. Bul jerge keliwshi hayallar tiykarınan ul perzent sorap keledi eken [8]. Usınday ziyarat orınlarınıń biri Qaraózek rayonı Quwanıshjarma arnasınıń kún shıǵıs tárepinde jaylasqan Nurım tóbek ziyarat ornı bolıp esaplanadı. Bul qoyımshılıq torańǵıllıq arasında jaylasqan eski ziyarat ornı [9]. Qaraqalpaq xalıq awızeki dóretleri hám etnografiyalıq izertlewler barısında sol zattıń guwwası bolıw múmkin perzenttiń káramatlı tuwılıw motivi saǵası áyyemgi mifologiyalıq túsinikler menen qarısıp ketken. Basqa xalıqlar eposlarındaǵı sıyaqlı qaraqalpaq xalıq qaharmanlıq dástanlarında da terekten, sheńgelden, almadan hám t.b. ósimlikten, totemnen tuwılıw (jolbarıstıń, qasqırdıń, ájdarhanıń hám t.b. júregine jerik bolıw), árwaqlardıń kómegi menen tuwılıwı, perzentke zar kekse ata-ananıń musılman áwliye-ánbiyalarǵa sıyınıp, solardıń basına túnegennen keyin tilekleri qabıl bolıp anasınıń boyına pitiwi, peri menen adamnıń qosılıwınan tuwılıwı, górde tuwılıwı sıyaqlı túrleri ushırasadı.

Mine, bunda muqaddes ziyarat orınların úyreniw aktual másele ekenligi joqarıda kórsetip otkenizimizdey birqansha áhmiyetli másele bolıp sanaladı. Sol menen birgelikte bul orınlardı qayta abat etiw boyınsha bir qansha is-ilajlar ámelge asırılmaqta. Usınday izertlewler bul jumıslardıń nátiyjeliligin ele de arttıradı. Bunday muqaddes sıyınıw hám ziyarat orınları respublikamız boylap kóplep ushırasadı hám bul óz náwbetinde keń túrdegi izertlewdi talap etedi. Bul orınlar turistlerdiń, shet elli miymanlardıń barıwı ushın oǵada zárúr. Kiyeli orınlardı abadanlastırıw, qayta ońlaw jumısların keń kólemde alıp barıw, bul orınlarǵa barıw ushın jol kartaların islep shıǵıw maqsteke muwapıq dep esaplaymız. Bul óz gezeginde mádeniy hám tariyxıy muqaddes orınlarǵa bolǵan sheksiz húrmetti bildiredi.

## Paydalanılǵan ádebiyatlar

1. Мақсетов Қ. Дәстанлар. Жыраўлар. Бақсылар. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1992. – Б. 62.
2. Эшонқул Ж. Миф ва бадиий тафаккур. – Тошкент: Фан, 2019. – Б. 86.
3. Жирмунский В.М. Тюрксий героический эпос. – Л.: Наука, 1974. – С. 224-233.
4. Жирмунский В.М. Сказание об Алпамыше и богатырская сказка. – М.: Восточноная литература, 1960. - 335 с.
5. Исметов Р. Дала жазыўлары. 2021-жыл. № 6. Бақлаўлар тийкарында., Хожели районы.
6. Исметов Р. Дала жазыўлары. 2022-жыл. № 4. Имформатор: Утепбергенов А., Нөкис районы. Руўы Айтеке. 1982 ж.
7. Исметов Р. Дала жазыўлары. 2022-жыл. № 2. Имформатор: Жалил улы Жийемурат хожа., Нөкис районы. Руўы Хожа. 1935 ж.
8. Исметов Р. Дала жазыўлары. 2021-жыл. № 4. Имформатор: Исметов А. Кегейли районы. Руўы Жаллықманғыт. 1948 ж.